

## Kouraj – Courage

Haitian Creole – English Poetic Translation

<p><b>Kenbe la, pa lage!</b> <b>Pran kouraj, mezanmi. Pran Kouraj!</b></p> <p><b>Wayom ki divize kondane pou mouri.</b> <b>Akwabon mechanste, goumen ak dozado?</b> <b>Rayisans, chire pit, se pwazon pou lapè.</b> <b>Lanbisyon, lenjistis, se semans pou lagè.</b></p> <p><b>Trò prese, tò prese pa janm fè jou louvri.</b> <b>Avèk anpil pasyans n'a wè lonbrit foumi.</b> <b>Pazapa, nan respè, n'a vanse kòtakòt;</b> <b>Lavi-a va fleri, se lè yonn renmen lòt.</b></p> <p><b>Mezanmi, pran Kouraj! Kenbe la, pa lage!</b> <b>Louvri kè nou, koute tande pawòl sajès sa yo.</b></p> <p><b>Moun ki konn padonnen va jwenn konsolasyon;</b> <b>Moun ki simen lespwa va rekòlte lavi;</b> <b>Moun ki viv nan renmen va dekouvri lajwa;</b> <b>Tout santiman sa yo, se chimen laviktwa.</b></p> <p><b>Pran kouraj! Kenbe la, pa febli!</b> <b>Lè lanmou ak kouraj makonnen nan kè nou,</b> <b>Bèlte ki nan syèl-la va blayi sou tè-a.</b></p> <p><b>Kenbe la, pa lage! Pran kouraj!</b></p> <p style="text-align: right;"><i>-Gabriel T. Guillaume</i> <i>Avril 2020</i></p>	<p>Hold tight, don't let go! Have courage, dear friends. Have courage!</p> <p>Divided nations are bound to fall. What's the use of cruelty, fighting and enemies? Hatred and severance, those are poison for peace. Greed and injustice, those are seeds for war.</p> <p>You can't rush the dawn. With a lot of patience, we will see the navel of an ant.* Step by step, with respect, we will move forward; Life will blossom when we love one another.</p> <p>Take heart, dear friends! Keep the faith! Let's open our hearts, hear and listen to these words of wisdom.</p> <p>Those who forgive will find consolation; Those who sow hope will harvest life; Those who lead a life of love will find joy; All these sentiments are paths to salvation.</p> <p>Be courageous! Keep the faith, don't lose strength! When love and courage entangle in our hearts, The splendor of the Heavens will spread throughout the earth.</p> <p>Keep the faith! Have courage!</p> <p style="text-align: right;"><i>*Haitian proverb, similar to "finding a needle in a haystack"</i></p>
--	--

### INTERNATIONAL PHONETIC ALPHABET

**Kenbe la, pa lage! Pran kouraj, mezanmi!**

[ 'kēbe la pa la'ge prā ku'raʒ me'zāmi ]

**Wayom ki divize kondane pou mouri;**

[ wa'jom ki divi'ze kōda'ne pu mu'ri ]

**Akwabon mechanste, goumen ak dozado?**

[ a'kwabō meʃās'te, gu'mē ak 'dozado ]

**Rayisans, chire pit, se pwazon pou lapè.**

[ 'rajisās, 'ʃire pit, se 'puazō pu la'pe ]

**Lanbisyon, lenjistis, se semans pou lagè.**

[ 'lābisiō, 'lɛnʒistis, se se'mās pu la'ge ]

**Trò prese, tò prese pa janm fè jou louvri.**

[ trō pre'se, trō pre'se pa ʒām fɛ ʒu lu'vri ]

**Avèk anpil pasyans n'a wè lonbrit foumi.**

[ a'vek ā'pil pa'siās n'a wɛ lō'brit fu'mi ]

**Pazapa, nan respè, n'a vanse kòtakòt;**

[ 'pazapa, nā res'pe, n'a vā'se 'kōtakōt ]

**Lavi-a va fleri, se lè yonn renmen lòt.**

[ la'vi-a va fle'ri, se le jōn rɛ'mē lōt ]

**Louvri kè nou, koute tande pawòl sajès sa yo.**

[ lu'vri ke nu, ku'te tā'de pa'wōl sa'ʒɛs sa jo ]

**Moun ki konn padonnen va jwenn konsolasyon;**

[ mun ki kōn 'padōnɛ va ʒwɛn 'kōsolasiō ]

**Moun ki simen lespwa va rekòlte lavi;**

[ mun ki si'mē les'pwa va 'rekōlte la'vi ]

**Moun ki viv nan renmen va dekouvri lajwa;**

[ mun ki viv nā rɛ'mē va 'dekuvri la'ʒwa ]

**Tout santiman sa yo, se chimen laviktwa.**

[ tut 'sātimā sa jo, se 'ʃimɛ lavik'twa ]

**Pran kouraj! Kenbe la, pa febli!**

[ prā ku'raʒ! 'Kēbe la, pa fe'bli ]

**Lè lanmou ak kouraj makonnen nan kè nou,**

[ le 'lāmu ak ku'raʒ 'makōnɛ nā ke nu ]

**Bèlte ki nan syèl-la va blayi sou tè-a.**

[ bel'te ki nā 'siel-la va 'blaji su 'tɛ a ]

**Kenbe la, pa lage! Pran kouraj'o! Pran kouraj!**

[ 'kēbe la pa la'ge prā ku'raʒ\_o prā ku'raʒ ]